Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 11 август Рузман №32 (7793) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Чемпионасда дандчIвай гьабуна

8 августалда гIагараб районалде тIад вуссана Стамбулалда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ Дуналъул первенствоялъул 65 кг. цIайиялда гIолилазда гьоркьов гIарцулав призер МухIамад



ГIалибахIарчиев. Финалалде щвезегIан МухIамад вачIана Египеталъул, Японниялъул, Франциялъул ва США-ялъул речIчIухъабазда тIад ракIчIараб бергьенлъиги босун. Аслияб къеркьеялда Иранав Сина Халилие къуна МухIамад ва кIиабилеб бакIалде ккана.

Районалъул гIорхъода гьесда дандчIвазе рачIун рукIана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудинов, районалъул лъималазулгун гIолилазул спорталъул школалъул директор ХIайбула НурхIажиев, маданияталъулгун спорталъул ва туризмалъул управлениялъул нухмалъулев ГIабдусалам МухIамадов, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухIамадхIабиб АхIмадов, спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасиров, ТIинди росдал бетIер МухIамадзакир МухIамадов, Агъвали гимназиялъул мугIалимзабигун цIалдохъаби, спортсменал ва гьесул гьалмагъзаби.

ТIиндадерил миллияб ратIлидалъун ретIа-къарал ясаз, МухIамадида дандчIвай гьабуна чед-цIамгун. Рохел-авадалъиялъул «гIайибияв» хIурматалда кIодо гьавун хадуб, бергьенлъи баркун кIалъазе вахъана райадминистрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Сиражудинов.




-МухIамад, ракI-ракIалъ баркула дуда щвараб бергьенлъи, ниж кутакалда рохарал руго дуе щвараб медаалалдаса. Гьединал бергьенлъабазул хIасилазде щвезегIан мун кучарав тренеразе, дудаса мисал босизе мустахIикъав, яхI-намус бугев инсан мун вахъиналъе тарбия кьурал эбел-инсуе, мун цIалулев Агъвали гимназиялъул коллективалъе баркала.

Гьарула дуе чорхое сахлъи, спорталъулъ жеги чIахIиял бергьенлъаби, Олимпиялъул тIогьиве вахин.

Гьединго баркиялъул кIалъаял гьаруна МухIамадхIабиб АхIмадовас, ТIалхIат ГIабдулбасировас. КIалъазе рагIи босарав ХIайбула НурхIажиевас умумул ахIана лъимал гьитIинго спорталде куцаялде.

-ХIурматиял умумул! Нужеца куцазе лъимал ритIе спортзалалде. Гьезда ракI гурхIун чIоге. Жакъа нилъеда бихьулеб буго микьго сонил пайдаяб хIалтIул хIасил. РакIчIола МухIамадидаса мисал босилин цогидазги ва жидерго гьунаралъул хIалбихьилин. Данделъиялъул ахиралда призерасул эмен АхIмад ГIалибахIарчиевас баркала загьир гьабуна МухIамад кIодо гьавун рачIаразе ва гьесул тренеразе.

-Бер тIаса босичIого, малъун ругьун гьавуна МухIамад гьесул тренераз АхIмад МухIамадовас ва ХIайбула НурхIажиевас. Гьединлъидал гьев чанцIулго нухалъ зоналиял, Дагъистаналъул, СКФО-ялъул ва Россиялъул чемпионатазда призерлъун вахъана. Гьале исана Дунялалъул первенствоялдаги кIиабилеб бакIалде ккана.

ДандчIвай ана рохалида.

**Заур Бадрудинов**

## СВОялъул гIахьалчагIазе-шапакъатал



**ТIадгьаквариса мухъилав МУСАЛОВ Рамазан СагIитбегович мустахIикълъана «БахIарчилъиялъе гIоло» медалалъе.**

* * *



**Гъоркьгьаквариса ИСРАПИЛОВ Шамил ГIумарович мустахIикълъана «Рагъухъанасулаб бахIарчилъиялъе гIоло» кIиабилеб даражаялъул медалалъе.**

СанагӀатал шартӀал -росабазе

# Парк балеб буго

Къойидаса-къойиде цӀилъулеб буго Хуштада росдал гьумер. «Шагьаралъул санагӀатал шартӀал» абураб республикаялъулаб программаялда рекъон, хӀухьбахьиялъул парк-лъималазул майдан къачӀаялъул хӀалтӀаби гьарулел руго гьенир генералияв подрядчик «Парус» ОООялъул директор МухӀамад Билаловас.



Республикаялъул батӀибатӀиял проектазулъ гӀахьаллъиялъ росдал гӀумру лъикӀаб рахьалдехун хисизабизе ва гӀадамазе санагӀатал шартӀал гӀуцӀизе рес щолеб бугилан бицана росдал бетӀер Асадула ИсмагӀиловас цӀибалеб паркалда унел хӀалтӀабазул бицунаго.

Цогидал росабазги мисал босизе бегьила гьеб рахьалъ хуштадеридаса.

# Комиссиялъул халгьаби

31 июлалда Муни-Агъвали-Гьигьалъ унеб бакӀалъулаб шагьранухалъул хал гьабуна



хасаб комиссиялъ. Гьелъие гӀиллалъунги букӀана гьаб соналъул 24 июлалда Гьигьалъ росдал жамагӀаталъ районалъул бетӀерасул, прокурорасул, МВДялъул районотделалъул ва райгазеталъул нухмалъулезул цӀаразда гьабураб хитӀаб жидер нухазул халгьабизе ва гьезие мустахӀикъаб кьимат кьезе рачӀаян.

Комиссиялда гьоркьор рукӀана райадминистрациялъул бетӀерасул заместитель-комиссиялъул председатель МухӀамад Сиражудинов, гьесул заместитель-районалда бугеб ОГИБДДялъул ДПСальул инспектор МухӀамадсаид Загьидов, ралел бакӀазул, нухазулгун-транспорталъул ва ЖККХялъул отделалъул специалист АхӀмад МухӀамадов, РСУ АОялъул районалда бугеб филиалалъул бетӀерав инженер НурмухӀамад ГӀалиев, ГО и ЧСалъул районотделалъул вакил ТӀагьир АхӀмадов ва Гьигьалъ росдал бетӀер Рамадан ГъазимухӀамадов.

Шагьранухлул хал гьабулаго халлъана чвахун рарал цӀадазул хӀасилалда цо-цо бакӀазда бакӀарараб хӀари, нухлул тӀасияб хьалги тӀеренлъун ганчӀал ракки ва нухда гвендал рукӀиналъ, чабах бан, битӀизабизе ккараб хӀал букӀин.

Нухал рацӀцӀад гьариялъул ва къачӀаялъул хӀалтӀаби районалда бугеб РСУ АОялъул филиалалда тӀад кьезе кколин абураб хӀукму гьабуна комиссиялъ.

**Заур Бадрудинов**

# БахомегӀералъул тӀогьире рахине нигатгун

-34 километр буго бакӀалъулаб кӀваралъул росдал нухазул халалъи кулабаздегун гӀиял къвабазде ругелги рикӀкӀун,-ян бицана Сильди росдал бегавул МухӀамад НурмухӀамадовас гьенире щварал нижеда трактор къачӀалел рукӀарал гӀолохъабиги рихьун, кьезехьин букӀараб нижер суал бичӀчӀараб гӀадин.

-Трактор хун бугин абун тракторист вехе кӀалъарабго, хӀажатаб запчасть метерисеб къоялде щвезабула росулъе росдал гӀолохъабаз. Гьединаб цолъиги гьункиги буго нижер гӀолохъабазул,-ан абулел гьесул рагӀабазулъ бихьулеб букӀана росуцоялдасан вохиги чӀухӀиги.



БахомагӀарде тӀаде щвезе нигат буго нухал рацӀцӀад гьарун, къачӀан ва цӀиял рахьун тракторист АхӀмаднаби ГӀабдулхӀамидовасул росуцоязул кумекалдалъун. Гьель рес кьезе буго росуцоязе жидерго риидалил къвабазде, туристазе ва гьалбадерие районалъул анцӀила кӀиго росдал берцинлъи сверухъ балагьун бихьизе.

-Гьадинаб кумек-квербакъи ва хӀалае рахьин бегавуласулги росуцоязулги бугеб мехалъ, хӀалтӀиги ракӀгьун уна цебе. Баркала Аллагьасул кириги гӀадамазул баркалаги цӀикӀкӀараб нухлул хӀалтӀи гьабизе цадахъ кьватӀире рахьунезе,-ян жиндие гьабураб рецц-бакъ аскӀор эхетарал гӀолохъабазе «къуна-бикьана» АхӀмаднабица.

Сильдадерил нухазулги росулъ жаниб бугеб гӀадлуялъулги цебеккунги бицун букӀана, ракӀ бохараб ва аслияб ишлъун гьениб буго бегавуласулги росдал имамасулги рагӀи цадахъ бильъин (кигӀанго бокьичӀониги, гӀемерисел росабалъ гьеб рахьалъ кӀиго фронт букӀуна). Гьеб буго жамагӀаталъул газа кьурда рекӀин, цохӀо росдае гуреб, росдал гӀузру жидер щивасе гӀахьалаб букӀин халкъалда бичӀчӀин. Гьабулелда баракат лъеги, хӀалтӀухъабазе къуват кьеги.

**Хадижат Залимханова**

ЦӀумадисел - Россиялъул регионазда

# Баркалаялъул кагъат

ХӀурматияв тохтур Рамазан ГӀабдусаламович! Нижер хъизаналъул рахъалдаса, хасго гьитӀинав васасул цӀаралдаса ракӀракӀалъулаб баркала загьир гьабизе бокьун буго дуе ва мун гӀезаврал, лъикӀаб тарбия-лъай кьун куцарал дур эбел-инсуе.




Араб соналъул декабрь моцӀалда дуниялго кӀалагьоркье сверанин ккана нижер хъизаналъе гьитӀинав вас онкологиялъ унтун вукӀин лъараб мехалъ ва, кигӀан дарусабаб гьабуниги Грозныялъул онкологияб диспансералда, мадар ккечӀеб мехалъ.

Къойидаса къойиде тохлъулев васгун, ахир-къадги ниж ритӀана Москваялде Н.Н.Блохинил цӀаралда бугеб онкологияб больницаялде.

Гьениб нижер васасе гьабизе кколеб дару-сабаблъул бицун, жидерго пикраби загьир гьаризе тохтурзаби данде ракӀарараб данделъиялда (консилиум) лъана нижеда мун ва чучана дудеургъел. Гьеб къоялдаса нахъе мун нижер хъизаналъе лъугьана васлъунги вацлъунги. Къаси-къад батӀа гьабичӀого вачӀунаан мун нижехъе, вачӀине данде ккечӀони, телалъ ахӀунги гьикъа-бакъулаан кин-щиб бугебан васасул сахлъиялъул хӀал.

ГӀорхъи-зани гьечӀеб рецц буго Аллагьасе мун гӀадинал, чидар кварилъи-балагьалдаса рикӀкӀалъичӀого, дурго гӀадин, ракӀунтун унтаразул тӀалаб-агьаз бугел, тӀаса бищараб махщалие ритӀухъал васалги тохтурзабиги ракьалда рукӀиналъухъ.

Дир хӀал гӀоларо дур гӀаданлъиялъулги, гӀадатлъиялъулги бицун, дуца гьабураб хъулухъалъухъ ва тӀалабалъухъ налъулай йиго.

Цо дун гуро гьединай йигей, мун хӀалтӀизе вачӀаралдаса нахъе дуда цере ккарал унтаразул баркалабазул кагъталги рихьана дида, нижеда цадахъ рукӀараз абулеб-бицунебги рагӀана дида: мун гӀадинал рукӀаги тӀолго тохтурзабиян руго гьелги.

Ниж гӀадин, Аллагьги разилъаги дудаса, Рамазан, кьеги щулияб сахлъи, таги хъизан-лъималаздаса вохун.

ЦохӀо цӀумадисел гурелги, тӀолго дагъистаниял чӀухӀизе бегьула мун гӀадинал, иман-яхӀ чорхолъ бессарал, гӀаданлъи-гӀадатлъи цӀунарал тохтурзаби жидер рукӀиналдаса

**Адаб-хӀурматгун Марьям Гелаева,** Аргун шагьар

**P.S.** Гьадинаб кагъат битӀун буго районалде Чачаналдаса Марьям Гелаеваль, жинде тӀаде къо ккедал хӀалае ватарав тохтур Рамазанидаса йохиялъ ва чӀухӀиялъ.

Кагътида бицен гьабулев Рамазан Иманшапиев гӀемеразда лъалев ватиларо, гьев жеги гӀолохъанго вуго. Амма гӀолохъанлъи квекӀенлъун ккечӀо Рамазан ГӀабдусаламовичасе ракӀалъ тӀаса бищараб махщалида гӀадамал разияб куцалда хӀалтӀизе.

Агъвали гьоркьохъеб школаги 20І4 соналъ лъикӀал кьиматазда лъугӀизабун, гьев цӀализе ана ДагъмедакадемиялдеАгьвали ва, гьебги лъугӀизабун, хӀалтӀулев вуго Москваялда Н.Н.Блохинал цӀаралда бугеб онкодиспансералда педиатрлъун.

Божула, Рамазаница нилъ жеги рохизарилин гьединал баркалабазул кагътал хьвалезул къадар цӀикӀкӀиналдалъун ва жиндирго махщалида тӀад гьев жеги хӀалтӀилин. Гьесул букӀинесеб цебе буго, амма гьеб гвангъараб, хадур рачӀунезулги сухъмахъал кунчӀизарулеб букӀиналда ва гӀаданлъиялъулабгун хъулухъалъулаб болъодул хӀокӀал бищун тӀарада рукӀиналда нилъер ракӀчӀола.

**Хадижат Залимханова**

# Ашаханил иргадулаб бергьенлъи




Дагъаб цебе Грозный шагьаралда Деги Багаевасул цӀаралда бугеб спорталъул КӀалгӀаялда тӀоритӀарал дзюдоялъул рахьалъ Севериябъ Кавказалъул рагьараб турниралъул кьецазда дандиязда тӀад ракӀчӀараб бергьенлъи босана нилъер ракьцояв, гӀемерал турниразул чемпион Гьакъоса Ашахан Хъазанатовас.

Гьарула гьитӀинав речӀчӀухьанасе хадубккунги спорталъул ва гӀумрудулъ чӀахӀиял бергьенлъабигун Олимпиялъул тӀогьиве вахин.

**З. Хадижат**

Поэзия

## Дир ВатIан

Рещани щиб дица рорхатал мугIрул,
МугIрузде вахине заман щоларел?
БукIун пайдаго щиб гьеб инсул ВатIан,
ВатIан тIегьазелъун, тIугьдул рекьичIеб?
РукIун пайдаго щиб щубал пикрабалъ,
Щубил хIатIалги цIун, сверизе щвечIел?
ЧIимих рикIкIунедухъ, тIокIкIарал ищал,
Исанаги кIалчIван, гьекъезе щвечIел...
Гьалъаб бакъги ина къойил зоб мерхьун,
Мерхьине дий щвечIел, рохьалги рихьун.
Жеги дун вахинчIел керчал рохьазда,
СаламгIаги бице, гIагараб Сильди.

**ХIажимухIамад МухIамадов**, Сильди росу

## Дир инсул кулал

Инсул кулабазул «кагъат» бачIана
Колхозги тIагIанин тIаде щвайилан.
«ГIакабахъалъуса» салам рещтIана,
СанагIалъи ккани, цо ваккейилан.
Эмен хан вукIана гьал кулабазул,
Мугъалъ ракьги баччун, тIохал къачIарав.
ТIадчи вукIана гьев харибакIазул,
Харил магъал гIицIаб мугъалъ раччулев.
Огь, дир инсул хурзал, дир инсул хурзал,
Жанисан машиндул нухал рахъарал.
Огь, дир инсул кулал, дир инсул кулал,
ТIохалги жанир тIун, чIваднал хутIарал.
Огь, дир инсул хурзал, дир инсул хурзал,
Колхоз гIуцIулелъул данде рехарал.
Нужер бугIа-ролъги, кIиго хIамаги,
Бечелъи букIана нижер рукъалъул.
КвегьичIел бусбузда цевеги тIамун,
Куцана инсуца хурив хIалтIизе.
Чарухъалги ретIун, колода нахъа,
КигIан дун хьвадарав цIулал хIамул цIун?
Огь, дир инсул мина, тIубан чIунтараб,
Огь, дир инсул авал, лъарахъ чучкIараб.
Огь дир инсул росу, бащадаб биххун,
Наял къватIире араб къали гIадинаб.
Умумузул хобал, васалги гочун,
Къулгъу гьабизе чи къанагIалъарал.
Дир росдал мархьаби, хьихьулеб боцIи,
МоцIал рахъанагIан, дагьлъулел ругел.
Умумузул ракьал, рекьичIого тун,
Нуж чIахIий руссиндал, чIунтараб керен.
Тухумалъул авал, Ангьиза авал,
Жанив чи хутIичIеб, чIобоголъараб.
Гьанже бетIергьаби рикIкIалъанилан,
Ракь чIунтизе тезе рази гьечIо дун.
Дица хIалал тела хIалтIизе гьабе,
ХIалтIизабулев чи дир вачIинегIан.
Амма бокьиларо наслабаздасан
Гьезул бетIергьанлъи батIа гьабизе.
-Дир гьаниб букIараб хур бихьичIищ?-ан,
Херал чагIазда гьез метер гьикъизе.

**СайгидахIмад АхIмаднабиев**

## ГодекIан

Росулъе щведал дир къварилъана ракI,
ЧIобого хутIараб годекIан бихьун.
Дун гьитIинаб мехалъ, ракIалда буго,
КIудиял чагIазул цIун букIунаан.
Гьеб кьотIун инчIого, ниж кьокъунаан,
Нух сверун, халатаб цоги рахъалъан.
Росдал харабазул хIурматги гьабун,
Кибго хьван букIинчIеб законги цIунун.
Жеги кIочон гьечIо кватIараб мехалъ
Улбуз годекIанир ритIулеб заман.
Нагагьлъун кватIарав гьобол ватани,
Рокьове вачеян тIадкъаялги кьун.
ГодекIан букIана лъикIаб мактаблъун,
Щияб хабар гьениб хехго лъалаан.
ВатIан бокьизеги, гьеб цIунизеги
ЧIахIияца гьениб лъикI малъулаан.
Къадарал пишаби какулаан гьез,
Гьарурал гьунарал рещулаан гьез.
Гьединлъидал нижги, гIисинал лъимал,
ХIинкъулаан гьезул берзукье ккезе.
Хараби лъугIундай, гIарац бокьундай,
ГодекIаби жакъа чIорого ругел?!
ХьвачIел законазул заман лъугIундай,
Гьел цIунизе жакъа годекIан гьечIеб?!
ГодекIабахь кьолел дарсал лъугIундай?
ГIаданлъи, яхI - намус тIагIулеб бугин.
ТIуранго чIорого гьел хутIиялъдай,
ГIолилал бокьухъе хьвадулел ругел.
Гьанже годекIабахь чIахIиял ганчIал,
Харабазул тIингьаз цIвакизарурал.
Пашманго рихьула цоцахъ балагьун,
Щияб заманаялъ бесдалги гьарун.
Гьанже щиб цIалилеб нижеца, Расул,
Дол гIалимзабазул тIахьалги гьечIин?
БегIераб каламги, кепаб хабарги,
Кици - биценгицин гьениб хутIичIин?

**МухIамад Коратов**,ТIинди росу.

## ГIабдула ГIумаровичасе

Тарихалъул учитель,
Тарихалде ана мун.
РакI бацIцIадаб хIалтIиялъ,
ХIаракатаб жигаралъ.

Шайдаевас куцарав,
Культура, лъай гьваридав,
Авар калам хирияв
Хуштадаса цевехъан-!

Щумада районалъул
Росабазул тарих гьас
БахIс гьабун, мухIкан гьабун,
Гьайбатаб тIехь бахъана.

Рокьул кучIдул ахIарав,
Балъгояй гьудулалде
Ахир Сапиятида
Загьирлъараб кинабго-!

Балъгояб рокьул хабар
Якьадалда лъарабго,
«Лъеда полоп кинигин»
ТеркIезе лъугьана мун...

Мун мисаллъун хутIана
Хадуб гIолеб гIелалъе,
ГIагараб ракь, миллат, мацI
Лъималазулъ куцарав!

**ГIабдула Зубаиров,**
Хуштада росу

## ХъварщикIкIал

Хъварщи кьодухъ щведал, лъалхъе, нухлулав,
Маргъуялде нуцIа рагьулеб бугин...
ГанчIида гьутIбигин «гIодулеб» кьуру,
Кьурул каранзулъан бурулеб «регьа».

Эхеде анагIан пана гьарулел
Жубарал рохьазул хIасратаб ватIан.
Лъарамухъккун ругел даруял ищал,
МугIрузда рижулел пихьил нигIматал.

Чундул, бисал...Ахир-ГIадало мегIер
ХъварщадерилчIухIи-накIкIирохь «Цакьо».
Живго Шамилица как бараб гамачI,
Бихьинаб бугилан къимат кьураб мацI.

Загъалав-щайихас къадру ккураб бакI,
Гьесул хоб бихьидал, бохун унеб ракI.
ТIаде щваравщинав асир гьавулеб
Цо хассаб берцинлъи ХъварщикIкIалалъул.

РекIел сипат бугеб «Неце» хIорица,
ХIарпккун «Аллагьилан» хьварал сиртаца
Сундаго рельълъинчIел расалъабаца
Нуж ахIулел руго «Алжан» бихьизе.

**Загьрат МухIамадова,** Инхокьвари росу

# Положение

### о проведении конкурса «Победитель 2023 года» среди субъектов малого и среднего предпринимательства Цумадинского района РД

**1. Общие положения:**

1.1. Учредителем и организатором конкурса является Администрация МР «Цумадинский район».

**2. Цели и задачи:**

- Повышение роли и определение места субъектов предпринимательства в развитии экономики района , привлечение населения к предпринимательской деятельности и обмена опытом.
- Выявление юридических лиц, ИП и КФХ, добившихся наибольших успехов в предпринимательской деятельности за 2023 год.

**3. Время проведения:**

3.1. Подведение итогов состоится 26 мая 2024 года в 10.00 ч. (место проведения - Администрация МР «Цумадинский район»),

**4. Организация и проведение:**

4.1. Общее руководство подготовкой и проведением конкурса осуществляет оргкомитет, созданный постановлением администрации МР «Цумадинский район».

4.2. Организационный комитет:
- осуществляет подготовку и проведение конкурса;
- рассматривает заявки участников;
- осуществляет информационное обслуживание в сети Интернет и СМИ;
- совместно с учредителем осуществляет награждение участников.

4.3 Комиссия по подведению итогов:
- проводит регистрацию участников;
- производит оценку участников по оценочным таблицам;
- определяет победителей в номинациях;
- готовит дипломы и подарки для церемонии награждения;
- участвует в церемонии награждения победителей.

**5. Подача заявок и регистрация участников**

5.1. Для участия в конкурсе необходимо подать заявку в организационный комитет администрации МР «Цумадинский район» до 1 мая 2024 года.

5.2. В заявке необходимо указать ФИО, адрес и контактный телефон участника.

Для участия в конкурсе необходимо представить следующие документы:
1) Заявление;
2) Копию отчета о финансово-экономической деятельности и декларацию о доходах за 2023 г.;
3) Копии справок об отсутствии задолженностей по налогам и взносам и сумме оплаченных налогов и взносов за год за себя и за работников;
4) Копии трудовых договоров о принятии рабочих на работу;
5) Копию свидетельства о гос/регистрации в налоговом органе;
6) Копию документа, подтверждающую участие в общественной и благотворительной деятельности района;
7) Копии наградного материала;
8) Выписки из ЕГРЮЛ и ИП, выданных не позднее одного месяца до подачи заявления.

**6. Финансирование**

6.1. На основании утвержденной сметы расходов.

6.2.Оргкомитет составляет смету расходов по проведению конкурса-ярмарки, ведет ведомость выданных подарков.

**7. Определение победителей и награждение участников**

7.1. Участники награждаются грамотами и денежными призами:
1) Лучшее ООО 2023 года
2) Лучший СПК 2023 года
3) Лучшее КФХ 2023 года
4) Лучшее ИП 2023 года

7.2. Определение победителей производится по следующим номинациям:
1) Высокие показатели финансово-хозяйственной деятельности за год - до 10 баллов;
2) Качество и количество производимой продукции и предоставляемых услуг, в т. ч. туристических за год - до 10 баллов;
3) Количество созданных рабочих мест (за каждое созданное рабочее место 10 баллов);
4) Отсутствие задолженности по налогам, взносам и размер оплаченной суммы налогов и взносов за год - до 10 баллов;
5) Участие в республиканских конкурсах (гранты, субсидии) - 5 баллов:
6) Наличие наград - 5 баллов;
7) Обеспечение дошкольных учреждений района качественными продуктами питания собственного производства и его объем за год - до 10 баллов;
8) Участие в общественной и благотворительной деятельности района за год - до 10 баллов.
9) Если в конкурсе в каждой номинации будет участвовать только один участник, то победители не будут определяться.

Итоги конкурса будут проведены 26 мая 2024 года в День российского предпринимательства в администрации района в торжественной обстановке с музыкальным сопровождением.

На конкурс будут приглашены представители министерств и ведомств РД.

По всем непонятным вопросам просим обращаться в районную администрацию

потел № +7 967 396 01 92.

Призываем всех принять активное участие в конкурсе.

**Магомед Куратмагомедов,** руководитель районного центра развития предпринимательства

